решением важных социальных и экономических проблем. Повышение интереса к физике с использованием современных образовательных технологий становится стратегической задачей для образовательных учреждений, учителей и общества в целом.

Таким образом, как известно, что каждый индивид имеет уникальные образовательные потребности, темп усвоения и стиль обучения. Именно современные технологии позволяют адаптировать образовательный материал к индивидуальным потребностям, обеспечивая более эффективное и интересное обучение. Использование интерактивных симуляций, визуализаций и мультимедийных материалов помогают обучающимся более глубоко понять сложные концепции дисциплин. Это стимулирует активное участие и критическое мышление, способствуя более качественному усвоению материала. Информационные технологии и различные программные обеспечения могут сделать обучение более увлекательным и интерактивным. Внедрение виртуальных миров, геймификации и интерактивных задач являются одним из многих мотивирующих элементов сегодняшней системы образования.

**Литература**


1. Пурышева Н. С. Актуальные проблемы школьного физического образования в Российской Федерации. / Н.С.Пурышева, Д.А.Исаев. Текст : непосредственный. // Педагогическое образование в России. 2020. № 6. -С. 8-15.
2. Тарасов Л. В. Современная физика в средней школе. -М.: «Просвещение», 1990. -С. 288.
3. Герасимова Т.Ю. Частные вопросы преподавания физики в средней школе: пособ.: в 5 ч. Ч. 1 / Т.Ю. Герасимова. – Могилев: УО «МГУ им. А.А. Кулешова», 2012. -С. 276.
4. Зенцова И.М. Зарубежный опыт в области методики преподавания физики. // Бизнес. Образование. Право. 2022. № 3 (60). -С. 327-331.



**РЕЗЮМЕ.** Бу мақолада замонавий дунёда ҳар бир киши учун физика бўйича асосий билимларга бўлган эҳтиёжини таҳлил қилади ва технологияни физикадаги ўқув жараёнига интегратсия қилиш зарурлигини кўрсатади. Таълим натижаларини яхшилаш учун талабалар ўртасида физика фанига қизиқишни ошириш ва фойдаланиш имкониятини ошириш масаласи ёритилган. Шунингдек, техника тараққиётида физика фанининг ўрни кўрсатилган ва ўқувчиларнинг физика фанига қизиқишнинг сусайиши муаммосига тўхталиб, таълим усулларини замонавий шароитларга мослаштириш муҳимлиги таъкидланган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье анализируется необходимость базовых знаний по физике каждому в современном мире и указана необходимость интеграции технологий в образовательный процесс по физике. Освещается вопрос улучшения доступности и повышения интереса к физики у учащихся с целью повышения образовательных результатов. Также подчеркивается роль физики в технологических достижениях и рассматривается проблема снижения интереса студентов к физике, подчеркивая важность адаптации образовательных методов к современным условиям.

**SUMMARY.** This article analyzes the need for basic knowledge of physics for everyone in the modern world and indicates the need to integrate technology into the educational process in physics. The issue of improving accessibility and increasing interest in physics among students in order to improve educational results is covered. It also highlights the role of physics in technological advances and addresses the problem of declining student interest in physics, emphasizing the importance of adapting educational methods to modern conditions.


## УСТАЗ ФАХРИДДИН САДИҚОВТЫҢ ӨМИР ЖОЛЫ ҲӘМ ДӨРЕТИЎШИЛИГИ


**И.Р.Жуманиязов** – *профессор ў.ў.а.*

*Өзбекстан мәмлекетлик консерваториясы Нөкис филиалы*



**Таянч сўзлар:** чолғу асбоблари, чанг, Фахриддин Содиқовнинг устозлари, ўқув жараёни, меҳнат фаолияти, ижод қилган асарлари, мукофотлари.

**Ключевые слова:** инструменты, музыкальный инструмент Чанг, преподаватели Фахриддина Садикова, образовательный процесс, карьера, созданные произведения, награды.

**Key words:** instruments, the Chang musical instrument, teachers of Fakhriddin Sadikov, educational process, career, created works, awards.


Өзбекстанда хызмет көрсеткен көркем өнер ғайраткери, сазенде, нама дөретиўши ҳәм устаз Фахриддин Садиқов дөретиўшилик, атқарыўшылық, оқытыўшылық барысында XX әсирде өзбек музыкасы тарийхында өшпес из қалдырды. Ол өзбек классик музыка дәстүрлерин избе изликте даўам еттирип, өзине тән методта қосық, нама ҳәм де басқа форма ҳәм жанрларда көплеген шығармалар жаратып, халқымыз ҳүрмет-итибарына еристи. Нама дөретиўшиниң жаратқан музыкасындағы йошлы, жағымлығы, мазмунындағы тәсири менен тыңлаўшыларды ләззетлендиреди.

Фахриддин Содиқов Тошкент қаласында 1914-жылдың 13-майында жумысшы шаңарағында дүньяға келеди. Алты жасынан бурынғы мектепте, кейин ала жаңа мектепте тәлим алады. Ол балалығынан музыкаға қызықты. Дәслеп дуўтар шертиўди көшесиндеги жасы үлкен балалардан үйренди. Кейин ала Чорсу көшесинде жайласқан атақлы қосықшы Шораҳим Шоумаров шөлкемлестирген «Санои нафиса» жәмәәти қасындағы ансамблдиң концертлерге шығыўын бақлап барады ҳәм тез арада оларға шәкирт болады. Нуғмонкори Мўминзода устазынан “чанг” шертиў, Абдусоат Ваҳобов устаздан дуўтар шертиў көнликпелерин ийелейди [1:38]. 1918-жылы Туркистан халық консерваториясы шөлкемлестирилип, В.А.Успенский басшылығында гөне қала бөлими ашылыў мүнәсибети менен Фахриддин Содиқов 1920-жылдан баслап устазлардан сабақ алыўды даўам еттиреди. 1924-жылда халық консерваториясы тийкарында Тошкент мәмлекетлик музыка техникумы ашылыўы менен 1926-жылдан ол жерде оқып, 1933-жылы табыслы питкереди.

Нама дөретиўши, “чанг”шы сазенде Фахриддин Содиқов мийнет барысын 1930-жылы Орта Азия темир жолы қасындағы клубта халық сазлары ҳәўескерлер дөгерегин шөлкемлестириўден баслайды.

1928-жылы өткерилген сазенделер таңлаўында Фахриддин Содиқов қатнасып екинши дәрежели, кейинги жылда биринши дәрежели дипломға сазаўар болады. 1933-жылы оны музыкалы театрға жумысқа қабыл етип, атақлы көркем өнер дөретиўшилери менен танысады, олар менен дөретиўшилик байланысларда болады. 1937-жылда Москва қаласында өткерилген Өзбекстан көркем өнер ҳәм әдебияты декадасына Тохтасин Жалилов басшылығында 100 сазендеден артық Өзбек ансамблине жетик сазенделер қатарында Фахриддин Содиқов та жумыс ислеўге шақырылады. 1938-жылы филармония қасында хаял-қызлардан ибарат дуўтаршылар ансамбли шөлкемлестирилип, ол музыка басшысы сыпатында иследи нама дөретиў менен репертуарын байытты, атқарыўшылық шеберлигин асырды ҳәм тез арада белгили жәмәәтке айландырды. Урыс жыллары фронтта концерт бригадасының музыка басшысы болып, әскерлерге хызмет иследи. 1947-1953-жыллыры Фахриддин Содиқов Өзбекстан радио еситтириў қасындағы Өзбек халық сазлары ансамблинде чангши, 1953-1955-жылларда филармонияның қосық ҳәм ойын ансамбли сазендеси, 1955-1957-жылларда Өзбек мәмлекетлик эстрадасында

ансамбл басшысы ўазыйпасында иследи [2:60-61].

1957-жылда Фахриддин Содиқов, Юнус Ражабий басшылығындағы радио еситтириў қасында шөлкемлестирилген сазендеер ансамблине чангши сазенделикке шақырылды. 1959-жылда мақамшылар ансамблинде "чанг"шы сазенде, 1961-жылдан усы ансамблге музыкалық басшысы етип тайынланды ҳәм усы лаўазымда өмириниң ақырына шекем иследи. 1972-жылда Ташкент мәмлекетлик консерваториясында жаңадан шөлкемлестирилген шығыс музыкасы кафедрасында ислеп, мақам атқарыўшылығы бойынша студентлерге устазлық етти [3:66].

Фахриддин Садиқов дөреткен такирарланбас музыкалық шығармаларынан, атап айтқанда, миллий қосықшылык өнериниң раўажланыўына қосқан үлесин инабатқа алып 1967-жылы Өзбекстан композиторлар аўқамына қабылланады.

Фахриддин Садиқов музыканың түрли жанрларында дөретиўшилик жумысларын алып барды, оның шығармаларында нама, қосық тийкарғы орынды ийелейди. Ол классик ҳәм заманагөй шайырлардың сөзлерине 300 ден артық шығармалар жаратты. Атап айтатуғын болсақ, Ғ.Ғулом сөзине 1934- жылда дөреткен «Ҳорманг энди колхозчилар», «Марҳабо» (Миртемир сөзине), «Ватандан миннатдорман», «Эй чеҳраси тобоним» (Муқимий сөзине), «Ўйнасин» (Ҳабибий сөзине) қосық ҳәм лирикалық шығармалары тыңлаўшыларды өзине тартты. Нама дөретиўши избе-изликте, жаңа қосық ҳәм лирикалық шығармалар жаратыўға еристи. Ол жаратқан ана ўатанды, мийнетти, тинышлықты жырлайтуғын қосықлар арасында «Ўзбекистоним менинг» (Уйғун сөзине), «Ҳосил тўйи» (М.Қориев сөзине), «Жаҳон бўйлаб бир овоз янграр» (Қ.Муҳаммадий сөзине), «Тинчлик қўшиғи» (У.Ғани сөзине), «Зарафшон» (А.Пўлат сөзине), «Гуллар водийси» (Т.Тўла сөзине), «Ватан ўхшар қуёшга» (Э.Раҳим сөзине), «Ўзбекистон олтини» (Ё.Мирзо сөзине), «Ботир чўпон қўшиғи» (Қ.Муҳаммадий сөзине), «Олтин водий» (З.Обидов сөзине), «Теримчи қизга» (С.Зуннунова сөзине), «Ёрим тўқур хон атлас» (А.Бобожонов сөзине), «Ўлкам ипакка тўлсин», «Оқ олтин карвон - карвон» ҳәм «Мирзачўлнинг қизиман» (З.Обидов сөзине) жазылған қосықлары радио еситтириў толқынларында барқулла еситтирилип келмекте. Дөретиўшиниң көплеген қосықлары табиятты, мухаббатты, инсаныйлықты, гөззаллықты сәўлелендиреди: «Севгилим», «Тонг шабодалари», «Уяламан», «Ҳаё» (М.Қориев сөзлерине), «Ёр билиб», «Хўб де, жоним, «Ёр бўлсанг дейман» (С.Зуннунова сөзлерине), «Бир гўзал», «Ойдин кечада» (Миртемир сөзлерине), «Онажоним», «Айб этма», «Хуш ҳаво чаманларида», «Муборакбод», «Кўзим», «Мезбон бўлай» (З.Обидов сөзлерине), «Менга навбат», «Ширмоной», «Ёр бўлмаса», «Гўзал», «Зуҳрога» (Т.Тўла сөзлерине), «Очил ниҳол», «Сўлим баҳор», «Висол гулшани», «Вафо қўшиғи», «Сув сулув қўшиғи» (А.Исроилов сөзлерине), «Хумор», «Шайдосиман», «Ташна қалбим» (Ё.Мирза сөзлерине) жазылған [5:74-75].

Фахриддин Садиқов, Барис Гиенко менен биргеликте Муқимий атындағы музыкалы драма театрында саҳналастырылған «Ота ўғли» (Ҳ.Шарипов пъесасы) музыкалы драмасы ҳәм Т.Тошматов пенен биргеликте «Инбузарлар» (Ш.Низомиддинов пъесасы) музыкалы драмасына, С.Ҳайитбоев пенен биргеликте «Салтанат ларзада» (В.Саъдулла пъесасы) музыкалы драмасына, Д.Зокиров пенен биргеликте «Гўзал» атлы телепастановкаға музыка дөретти. Өзбекстан радио еситтириў қасындағы өзбек халық сазлары оркестри ушын Т.Тошматов пенен биргеликте Т.Тўла сөзине «Янги Тошкент» атлы сюита ҳәм төмендеги қосықларды жаратты: «Кўнгил сен» (С.Қўқонбеков сөзине), «Ўзбекистон» (Т.Ражабий сөзине), «Кўнглида бўлса» (Т.Мўминов сөзине). Булардан тысқары, ол «Ватан марши», «Қурилиш марши», Гулнор «Ўзбекча вальс», «Ўхшарсиз» усаған саз әсбапларға намалар дөретти [7:87].

Ел сүйген инсан, белгили нама дөретиўши, белгили сазенде ҳәм устаз Фахриддин Содиқов XX-әсир музыка мәдениятының раўажланыўына қосқан улеси ушын 1964-жылы «Өзбекстанда хызмет көрсеткен көркем өнер ғайраткери» ҳүрметли атағы берилген ҳәм орден, медаллар менен сыйлықланған. Ҳүрметли устаз, нама дөретиўши белгили сазенде Фахриддин Содиқовтың келешек жаслары ушын ислеген хызметлери көркем өнер тараўына қызығатуғын барлық инсанлардың жүрегинде мәңги сақланып қалады.

**Әдебиятлар**


1. Ражабий Ю., Акбаров И. Ўзбек халқ мусиқаси тарихи. –Т.: "Ўқитувчи". 1981.
2. Одилов А. Ўзбек халқ чолғуларида ижрочилик тарихи. -Т.: 1995.
3. Жабборов А. Ўзбек бастакор ва мусиқашунослари. –Тошкент: 2004.
4. Левиев А. Ўзбек миллий чолғу созлик тарихи. –Тошкент: 2005.
5. Лутфуллаев А. Ижрочилик санъати тарихи. –Тошкент: 2006.
6. Лутфуллаев А. История исполнительства на узбекских народных инструментах. –Ташкент: 2010.
7. Ташматова А. Ижрочилик санъати тарихи. –Тошкент: 2017.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада муаллиф чанг мусиқа чолғусида машхур созанда, устоз, бастакор Фахриддин Содиқовнинг устозлари, ўқув жараёни, меҳнат фаолияти, яратган асарлари, мукофотлари ҳақидаги маълумотлари баён қилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье автор приводит информацию об учителях, учебном процессе, профессиональной карьере, созданных произведениях, наградах известного музыканта, композитора, игравшего на музыкальном инструменте Чанг, Фахриддина Садыкова.

**SUMMARY.** In the article, the author gives the information about the teachers, the educational process, career, created works, awards of the famous musician, composer Fakhriddin Sadikov on the Chang musical instrument.


# KASBIY KOMPETENSIYANI RIVOJLANTIRISHDA KASBIY-PEDAGOGIK TA'LIMNI UYG'UNLASHTIRISH ASOSLARI


**G.X.Jumasheva** – *pedagogika fanlari doktori, professor*

**P.R.Erimbetova** – *assistent o'qituvchi*

*Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti*



**Tayansh so'zlar:** kasbiy kompetensiyani rivojlantirish, kasbiy-pedagogik ta'lim, pedagog kadrlar, yangi mazmun, yangi jamiyat, ta'lim tashkiloti, mutaxassislarni tayyorlash, innovatsion yo'nalish.

**Ключевые слова:** развитие профессиональной компетентности, профессионально-педагогическое образование, педагогические кадры, новое содержание, новое общество, образовательная организация, подготовка специалистов, инновационное направление.

**Key words:** development of professional competence, professional-pedagogical education, pedagogical staff, new content, new society, educational organization, training of specialists, innovative direction.


**Kirish.** Ijtimoiy munosabatlarni rivojlantirish va ta'limni insonparvarlashtirishning yangi sharoitida ta'lim muassasasi o'qituvchisining, shu jumladan, maktabgacha ta'lim tashkilotlari mutaxassislarining yuqori axloqiy,